

Ale nan tribinal la

Kite lis la. Nan majorite tribinal yo, yo pwograme yon gwoup dosye pou menm lè. Jij la site tout dosye ki nan lis la pou l wè si moun yo prezan epi jij la pran chak ka youn aprè lòt. Menm si jou odyans ou an se sou Zoom, jij la ap verifye prezans yo epi l ap tandè ka yo youn apre lòt.

Medyasyon (Antant). Lè yo rive sou ka pa w la, jij la ka mande si toule pati yo ta renmen regle ka a nan medyasyon (antant). (Gen medyatè tribinal mandate ki disponib jou odyans lan.) Yon medyatè se yon moun ki ka ede pati yo pale sou fason yo ka regle ka yo. Medyatè a pa pran pozisyon. Sèvis sa a gratis. Si w regle ka a nan medyasyon (antant), yo soumèt desizyon w lan bay jij la pou l asire l li rezonab. Si ka a pa regle nan medyasyon (antant), jij la ap tandè ka a.

Odyans. Toule de pati yo parèt devan jij la. Jij la mande pati ki pote plent lan pou l di poukisa li la epi prezante ka l la. Ansuit, lè tou pa pati yo akize rive, jij la mande l pou l esplike rezon ki fè pati ki pote plent lan pa ta dwe genyen. Toulede pati yo ka montre imaj oswa dokiman tankou chèk ki anile oswa fich pèman epi temwen yo ka temwaye.

Desizyon. Aprè odyans lan, jij la ap decide ki pati ki genyen ka a. Jij la ka anonse desizyon l an tousuit nan fen odyans lan oswa li ka voye l pa lapos pi ta, aprè l fin analize prèv yo oswa fè rechèch legal. Desizyon jij la rele "jijman."

Egzekite yon jijman

Si moun ki pote plent lan genyen epi moun yo akize a pa peye oswa li pa respekte tèm jijman an, moun ki pote plent lan ka rele akize a devan tribinal ankò pou yon "odyans sansibilizasyon" pou yo ka mete yon plan pèman sou pye. Yo toujou mande akize yo pou yo pote dokiman sou mwayen ekonomik yo. Youn oswa lot ka pwograme yon odyans sansibilizasyon:


Konvoke lòt pati a avèk Avi Odyans Sansibilizasyon pou Ti Pwosè (fòmilè SC-004) – (grefye a ap di w ki dat pou w mete),

OSWA

Si w pa gen entansyon depoze plis pase twa (3) sansibilizasyon nan mwa a, voye Demann Odyans Sansibilizasyon an bay grefye a (fòmilè SC-003) ak Deklarasyon an ak Demann Konvokasyon an (fòmilè SC-006). Grefye a bezwen fòmilè sa yo pou l fè aranjman konvokasyon avi sansibilizasyon odyans akize a.

Fè apèl sou desizyon

Nenpòt nan pati yo ka fè apèl sou desizyon an nan espas trant (30) jou aprè jijman an lè yo depoze yon Avi Apèl (fòmilè SC-007). Ou ka jwenn fòmilè sa a nan men yon grefye oswa sou sit entènèt Sèvis Jiridik la.



Pou plis enfòmasyon sou depo a oswa sou repons pou dosye yon ti pwosè, mande yon grefye nan tribinal la yon kopi Gid pou Ti Pwosè yo oswa ale sou:
www.courts.maine.gov/help/small-claims

Yon ide Jeneral sou Tribinal Ti Pwosè

www.courts.maine.gov

Tribinal Ti Pwose se yon mwayen senp, rapid epi ki pa koute chè pou w jwenn yon jijman pou yon lajan ki ka ale jiska \$6,000.

Fason pou w depoze yon ti pwosè

Ou ka jwenn fòmilè tribinal la pou w demare dosye yon ti pwosè nan biwo a grefye nan nenpòt tribinal nan distri a oswa sou sit entènèt Sèvis Jiridik la sou www.courts.maine.gov/forms.

Yon ti pwosè divize an kat (4) etap:

1. Ranpli fòmilè a.
2. “Konvoke” lòt moun nan.
3. Depoze dosye a nan Tribinal Distri a.
4. Prezante nan odyans lan.

Etap 1: Ranpli Deklarasyon Pwosè a (fòmilè SC-001). Ou se moun ki pote plent lan, moun ki anfas ou a se akize a. Nan fòmilè a, esplike tribinal la sa k fè moun nan dwe w lajan epi bay detay. Ranpli rès fòmilè a epi siyen l.

Etap 2: “Konvoke” Demann Pwosè akize a. Sa vle di fòk ou asire w akize konnen dosye a epi li gen posiblite pou l reponn. Gade seksyon “Konvokasyon (Service)” an pou w wè fason pou w fè sa. Pwouve w te konvoke akize a, sa rele “retou konvokasyon.”

Etap 3: Depoze dosye a nan biwo grefye a. Nan espas 20 jou aprè w fin konvoke akize a, depoze Deklarasyon Pwosè a epi pwouve konvokasyon an nan tribinal la, ansanm ak frè depo \$70 a.

Etap 4: Prezante nan Odyans lan. Grefye a ap voye yon Avi pa lapòs ki gen dat la, lè ak kote odyans lan ap fèt la bay toulede pati yo. Odyans lan ka fèt an pèsòn oswa sou Zoom (a distans). Si w p ap ka prezante nan dat ki nan avi a, fè biwo grefye a konnen tousuit epi mande alekri pou yo repwograme odyans lan. Grefye a p ap ka repwograme odyans ou an pa telefòn.

Konvokasyon

Konvokasyon se fason w fè akize a konnen ou depoze yon plent. Retou konvokasyon an se pwouve tribinal la yo te konvoke akize a. Konvokasyon sou yon ti pwosè ka fèt plizye fason:

1. Pa Lapòs Amerikèn (U.S. Mail): Premyèman, w ap bezwen fòmilè SC-005. Voe yon kopi Deklarasyon Pwosè a, de (2) kopi fòmilè SC-005, epi yon anvlòp ki tenb sou li ak adrès akize a (yo). Akize a dwe siyen fòmilè SC-005 epi voye l tounen pou w depoze l nan tribinal la. Si w pa resevwa yon akize resepsyon siyen nan espas 20 jou, ou dwe fè konvokasyon an pa mwayen metòd ki pi ba a.

2. Pa Lapòs Amerikèn (U.S. Mail), Voe Resi yo Mande a tounen. Resi ki siyen an (fòmilè vet biwo lapòs la) yo voye tounen ba ou a se retou konvokasyon an.

3. Konvokasyon Cherif la. Kontakte biwo distri Cherif ou a sou fason pou w jwenn Deklarasyon Pwosè konvokasyon cherif la. Ou dwe peye davans frè konvokasyon cherif la, men ou ka mande pou yo pran frè a sou lajan jijman an si w genyen. Bay cherif la de (2) kopi Deklarasyon Pwosè a. Akize a ap kenbe youn. Cherif la ap siyen l epi l ap voye l tounen bay lòt pati a pou l depoze.

4. Konvokasyon Biwo Grefye a. Pou \$15 grefye a ka eseye konvoke akize a pa Lapòs Amerikèn (U.S. Mail). Si yo pa voye akize resepsyon an tounen ba ou nan espas ven (20) jou, grefye a ap voye dokiman yo tounen ba ou, epi w ap bezwen ranpli konvokasyon an youn nan twa (3) fason yo dekri pi ba a.

5. Konvokasyon pa Lòt Mwayen. Si w vle fè konvokasyon kèk lot fason, ou dwe depoze yon demann nan tribinal la pou w ka jwenn otorizasyon pou w fè sa.

Si yo te konvoke w avèk yon Deklarasyon Pwosè

Si yo te konvoke w avèk yon Deklarasyon Pwosè, se rele yo rele w lajistis. Ou se akize nan dosye a.

Grefye a ap voye yon Avi Odyans pa lapòs ki gen dat la, lè ak kote odyans lan ap fèt la bay toulede pati yo. Odyans lan ka fèt an pèsòn oswa sou Zoom (a distans). Si w p ap ka prezante nan dat ki nan avi a, fè biwo grefye a konnen tousuit epi mande alekri pou yo repwograme odyans lan. Grefye a p ap ka repwograme odyans lan pa telefòn.

Asire w ou prezante nan odyans lan! Prepare w pou w bay jij la nenpòt rezon ki fè w pa ta dwe peye moun ki pote plent lan. Si w pa prezante, li posib pou w pèdi pwosè a pa “defo” epi w ap dwe tout kòb yo mande a.

Règleman. Ou ka regle dosye a lè w pale ak moun ki pote plent lan, kit se anvan odyans lan oswa nan tribinal la. Gen anpil dosye ki regle nan medyasyon (antant) nan tribinal la (gade seksyon “Medyasyon” an). Epitou, ou ka kontakte yon avoka oswa yon biwo sèvis legal pou w jwenn konsèy.